



Sèvis Relasyon Kominote pou Depatman Jistis Etazini

Redwi Risk Pandan Aktivite Piblik yo: Planifikasyon Enprevi

Depatman Jistis Etazini (DOJ) Sèvis Relasyon Kominote (CRS) nan pwogram fòmasyon an pèsòn lan, *Redwi Risk Pandan Aktivite Piblik: Planifikasyon Enprevi* ki dirije pa ekspè yo nan matyè a, fèt pou ede lapolis, ofisyèl gouvènman yo, òganizatè evènman yo, ak volontè yo nan kominote a planifye aktivite piblik ki san danje. Kou fòmasyon sa a ede moun yo ki gen entansyon idantifye ak bese risk nan sekirite piblik anvan yo kòmanse nan yon aktivite piblik la.

Kominote yo Kèkfwa konn fè fas ak tansyon yo akòz diferans ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, relijyon, ak andikap, ak konfli sa yo ka reflekte nan manifestasyon piblik yo. Pwogram fòmasyon sa a ede kominote yo planifye pou yon mach oswa manifestasyon san danje. Atravè aplikasyon meyè pratik yo ak zouti pou planifikasyon aktivite enprevi, moun yo ki gen enterè nan kominote a pi byen kapab kontribye nan asire sekirite pou aktivite kap vini yo.

Objektif Kou ▼

Ogmante konesans nan jan pou planifye yon aktivite piblik san danje

Etabli enpòtans pou planifye pou yon aktivite piblik

Kòmanse devlope yon plan apwopriye pou prepare pou aktivite an, Fè aktivite a, ak evalye pwoblèm potansyèl pou asire sekirite piblik pandan aktivite an

Pwogram Apèsi ▼



Lè konfli yo souleve nan kominote yo akòz diferans ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, relijyon, ak andikap, pwotestasyon piblik ka rive fèt, ak CRS ede asire manm yo nan kominote a resevwa fòmasyon sou pratik ki pi bon yo pou fè yon aktivite san danje.

Konsiderasyon Planifikasyon Aktivite yo.

Leson sa a egzamine divès faktè, tankou lojistik, pèmi, ak alokasyon resous, pou konsidere lè y'ap planifye yon aktivite.

Jwè Kle yo. Leson sa a konsantre sou devlope yon plan aksyon pou idantifye jwè kle yo, bay wòl yo ak responsablite yo, ak bay yo resous ak fòmasyon.

Etap Planifikasyon Aktivite. Leson sa a revize senk etap prensipal pou pifò aktivite piblik yo - avan aktivite, asanble, mach, rasanbleman, ak debandman - epi diskite planifikasyon an ak risk ki asosye ak chak.

Planifikasyon pou Pwoblèm Potansyèl. Leson sa a konsantre sou planifikasyon enprevi, ki gen ladan kowòdinasyon ant lapolis lokal yo ak òganizatè aktivite yo.

Sou CRS ▼

Etably pa Tit X nan Lwa sou Dwa Sivil nan 1964, sèvis CRS la elaji atravè Matthew Shepard la ak James Byrd, Jr., Lwa 2009 la sou Prevansyon Krim Rayisab yo. CRS, yon eleman nan Depatman Jistis Etazini an, sèvi kòm "Moun ki ap mete Lapè nan Amerik" pou kominote yo ki ap fè fas ak tansyon oswa konfli ki baze sou diferans yo ki genyen nan ras, koulè, orijin natirèl, sèks, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, relijyon, ak andikap. Atravè sèvis yo CRS bay, ajans lan amelyore kapasite manm kominote sa yo pou yo anpeche ak rezoud poukont yo ak an tèt ansanb konfli yo nan lavni atravè ogmantasyon konesans, konpreyansyon ak kominikasyon nan mitan yo.

Pwogram CRS yo ▼

CRS ofri yon seri de pwogram nan kominote ki fè fas ak tansyon. Kòm yon kou akonpaye pou fòmasyon sa, CRS ofri tou *Marshals pou Aktivite: Kenbe Sekirite Piblik Pandan Aktivite Yo*. Pwogram sa yo ak lòt yo se zouti pou kiltive konpreyansyon, amelyore kolaborasyon, ak anpeche dezakò nan lavni. Anplwaye CRS yo se medyatè pwofesyonèl, fasilite, fòmateur, ak konsiltan ki gen eksperyans nan mete manm kominote yo ansanm pou ede amelyore kapasite yo nan rezoud konfli ki deja egziste ak anpeche konfli nan lavni.

Ki Kote Nou Travay ▼

Katye Jeneral CRS

Washington, DC

Biwo Rejyonal CRS yo

Nouvo Angletè

Boston, MA

Nòdès

New York, NY

Mitan-Atlantik

Philadelphia, PA

Sidwès

Atlanta, GA

Mitan Wès

Chicago, IL

Sidwès

Dallas, TX

Santral

Kansas City, MO

Mòn an wòch

Denver, CO

Wès

Los Angeles, CA

Nòd wès

Seattle, WA


Biwo Teren CRS yo

Miami, FL

Detroit, MI

Houston, TX

San Francisco, CA



Alaska Hawaii Pòtoriko ak Zile Vyèj yo Guam

Jwenn nou, konekte ak nou ▼

www.justice.gov/crs



[facebook.com/DOJCRS/](https://www.facebook.com/DOJCRS/)



[@DOJ_CRIS](https://twitter.com/DOJ_CRIS)



askcrs@usdoj.gov



202.305.2935

Pou kontakte nenpòt nan biwo rejyonal oswa biwo nou yo sou fòmasyon, tanpri vizite:

<https://www.justice.gov/crs/about-crs/regional-and-field-offices>